


# PLAN FONKSYÒNMAN ANE 2022 A LISE FRANCISCO TELLO GONZÁLEZ

## Chè kominote edikativ:

Resevwa akèy nou ak tout respè, nou espere ke nou byen, nap remèt nou Plan fonksyònman Lise Francisco Tello a pou konesans nou:

- I. Tout sa ki etabli nan Plan Fonksyònman 2022 saa baze sou règleman MINEDUC bay epi yo pwal gouvène pandan ane aktyèl la, toutotan MINEDUC OSWA CORMUN pa endike modifikasyon.
- II. Modalite klas yo anseye yo pwal fasafas, jiskaske yo detèmine lòt mezi.
- III. Group etidyan ki vini nan klas fasafas la ap san kantite maksimòm(daprè kapasite chak sal klas, anviwon 35 etidyan).
- IV. Selon kalandriye eskolè MINEDUC la, klas yo anba yon rejim semès.



Liceo de Adultos  
**FRANCISCO TELLO G.**

## PROTOKÒL SANITÈ AK FONKSYONMAN

### I.- PROTOKÒL SANITÈ



#### Prosesis netwayaj ak dezenfeksyon sal klas yo ak lòt spas etablisman an.

1. Moun ki anchaje pou reyalize netwayaj ak dezenfeksyon espas yo koresponn ak pèsonèl oksilyè sèvis piti nan etablisman an, pou yo akonpli ak devwa saa, yo ba yo eleman sa yo:
  - a) Ekipman proteksyon pèsonèl tankou gan, kachnen, tablitye plastik, linèt oswa protektè pou vizaj.
  - b) Pwodwi netwayaj ak dezenfeksyon nesesè pou akonplisman yo.
2. Pèsonèl oksilyè a dwe toujou itilize tout ekipman pwoteksyon pèsonelyo.
3. Preparasyon pou dezenfektan(dlo avèk kloròks) dwe fêt sèlman pa pèsonèl oksilyè a epi nan yon anviwònman ki louvri, pou sa yap dispoze yo vesò plastik ki ka pwan omwen 50 lit nan tiyo, bon kontwòl depi kote yo pwan dezenfektan an pou yo ka itilizel chak jou.
4. Anvan komansman chak klas fasafas, etablisman an dwe netwaye nan fason saa:
  - a) Netwayaj sifas yo avèk twal ak mòp avèk dlo epi detèjan, pou ka retire matyè òganik ak inòganik.
  - b) Dezenfekte sifas ki deja pwòp avèk aplikasyon kloròks dilye atravè itilizasyon awozwa, sevyèt, twal fib ak mòp.

5. Pandan peryòd retounen nan klas fasafas la, ap genyen yon netwayaj ak dezenfeksyon regilye epi rijid nan espas yo pandan chanj man jounen klas yo, nan fason saa:

- Plizye fwa pandan jounen an, pèsonèl oksilyè a, itilize twal ak mòp, li dwe reyalize dezenfeksyon an avèk (dlo avèk kloròks) nan manch pòt yo, entèriptè limyè, balistra, tiyo lave men, bòl twalèt, bouton nan pòt, koridò nan sektè ki sou responsabilite yo.
- Diran chak rekreyasyon, pèsonèl oksilyè a dwe dezenfekte sifas tab yo epi jete fatra ak ouvri sal klas ki sou responsabilite li yo.
- Aprè chak rekreyasyon, ap genyen yon netwayaj ak dezenfeksyon nan twalèt yo epi jete papye yo.
- Yon fwa etidyan yo fin ale, ap genyen yon gwo netwayaj ak dezenfeksyon avèk dlo ak kloròks:
  - Sal klas yo(tab, chèz, sòl , jete fatra, netwaye tablo, etc.).
  - Biwo, Sal profesè yo, Laboratwa (tab, chèz, jete fatra).
  - Espas komen tankou koridò, twalèt, escalye, etc.

6. Nap sipèvize netwayaj ak dezenfeksyon an atravè yon lis enspeksyon jeneral la prepare.

**Mezi ijyèn ak proteksyon pèsonèl pou etidyan, profesè ak asistan edikasyon.**



1. Tout aplwaye dwe fè aksyon sa yo lè yap antre nan etablisman an:

- Pwan tanperati kò a. Si li rive  $37.5^{\circ}$  oswa pi wo, wap genyen obsèvasyon kise rete nan yon sal izole epi apwè 30 minit, pou repwan tanperati a ankò, sil retounen make  $37.5^{\circ}$  oswa plis, pou prevansyon, lap retounen lakay.
- Netwaye anba soulye nou nan beny sanitè a.
- Netwaye men avèk alkòl jèl.
- Itilize kachnen tout tan.

2. Pou siyen liv Asistans lan, nou dwe reyalize aksyon sa yo:
  - a. Anvan nou manyen liv Asistans lan, netwaye men nou avèk alkòl jèl.
  - b. Itilize plim ble pèsonèl.
  - c. Aprè nou fin manyen liv Asistans lan, netwaye men nou avèk alkòl jèl.
  
3. Pou resevwa piblik nan resepsyon an, biwo, oswa lòt kote, nou dwé reyalize aksyon sa yo:
  - a. Itilize kachnen tout tan ak protektè vizaj.
  - b. Si moun ou pwal resevwa a pa genyen kachnen, egzijel pou li mete.
  - c. Si moun nangenyen pou li siyen, mandel pou li fè li ak plim pa li, si li pa genyen, ba li yonn epi netwaye li avèk alkòl jèl.
  - d. Lòske moun nan fin ale, netwaye chèz li te chita aak yon flit avèk dlo avèk kloròks oswa avèk alkòl 70%.
  - e. Netwaye biwo ou e saw genyen tout tan avèk yon dezenfektan.
  
4. Pou ekipman nan etablisman an, nan sal profesè yo, sal a manje, biwo, koridò ak lòt lye, nou dwe reyalize aksyon sa yo:
  - a. Itilize kachnen tout tan.
  - b. Lave men regilyè avèk dlo ak savon nòmal nan yon tan ki pa piti ke 30 segond.
  - c. Toujou, e nan tout kote kenbe distans sosyal 1.5 mèt pou pipiti, avèk itilizasyon kachnen.
  - d. Netwaye tout tan, avèk yon dezenfektan, ekipman travay ou e sektè kotew travay la.
  - e. Yo defann salitasyon ak bo, anbwase oswa bay lanmen, pataje manje ak/oswa ekipman pèsonèl yo.
  
5. Nan antre etablisman an, nan sal klas yo, nan biwo yo, nan kazino, nan jimnasyo ak twalèt yo, ap genyen dispansatè alkòljèl.



6. Mache nan koridò ak nan eskalye yo ap toujou se nan bò dwat sa pwal limite nan lakou a epi toujou kende distans fizik ant lòt moun.



7. Chak sal klas genyen yon kantite profesè maksimòm ak 15 etidyan kote plas yo ap make atè a.
8. Nan chak sal klas ap genyen:
- Dispansatè alkòl jèl nan antre sal la.
  - Woulo papye ki ka absòbe.
  - Yon bwat fatra avèk kouvèti ki ka manewe pa mwayen yon pedal.
9. Etidyan yo ap tann profesè a nan fil deyò sal klas la e respekte mak ki nan zòn atant ki atè a.
10. Depi profesè a otorize antre a, etidyan yo komanse antre nan sal klas la pandan yap lavè men yo ak alkòl jèl ki nan dispansatè ki nan antre sal la.
11. Nan sal la, etidyan yo dwe, kòm obligasyon:
- Itilize kachnen tout tan.
  - Itilize menm tab ak chèz la pandan jounen klas yo.
  - Kenbe plas travay ou anndan mak ki egziste atè a.
  - Pa pataje enstansil ak/oswa maretyèl avèk lòt kamarad yo.

**12.** Profesè ki anchaje klas la se responsab akonplisman mezi ijyèn ak prevansyon nan règleman ijyèn ak prevansyon anndan sal klas yo dwe:

- a. Remansyone nan komansman chak klas mezi ak règleman.
- b. Toujou itilize kachnen.
- c. Netwaye Liv klas yo ak materyèl yo anvan nou manyen yo.
- d. Toujou kenbe distans fizik la avèk etidyan yo, pou sa nap bouje sèlman nan zòn ki make atè a.

**Woutin pou antre ak soti etablisman an.**

**1.** Yap pèmèt 2 aksè nan ri Estado pou antre ak soti kominote edikativ la.

- a. Aksè prensipal la soti nan ri Estado pou antre epi dezyèm aksè a (se pakin nan) pou soti etidyan yo ak fonksyonè yo.


**2.** Pandan antre a etidyan yo dwe akonpli avèk aksyon sa yo:

- a. Pwan tanperati kò a. si li  $37,5^{\circ}$  oswa plis lap rete nan obsèvasyon nan sal izòlman an, e aprè 30 minit, lap retounen pwan tanperati a ankò epi sil kontinye avèk tanperati plis pase  $37,5^{\circ}$ , nap rele paran oswa fanmiy li pou li prezante nan etablisman an pou vini chache etidyan an.
- b. Netwaye anba soulye yo nan beny sanitè a.
- c. Netwaye men yo avèk alkòl jèl.
- d. Itilize kachnen tout tan.
- e. Distans fizik 1,5 mèt ant etidyan yo.
- f. Ale dirèkteman nan sal klas ou, toujou kenbe distans fizik la ant etidyan yo.

**3.** Nan chak aksè ap genyen 2 fonksyonè kap sipèvize ke etidyan yo:

- a. Nan antre a, yo akonpli avèk mezi ijyèn yo ak distans.
- b. Nan soti a, nap soti nan lòd, avèk distans epi itilize kachnen nou.

**FRANCISCO TELLO G.**



### Woutin pou rekreyasyon yo

1. Pandan rekreyasyon yo, pou pèmèt yon bon vantilasyon ak ijyèn nan sal klas yo, enspeksyon general la, ap etabli chanjman pèsònèl nan lakou a ak nan koridò pou sipèvize akonplisman règleman viv ansanm yo, itilizasyon kachnen tout tan ak distans fizik ant etidyan yo.
2. Tout jwèt ak/oswa aktivite gwoup ki enplike proksimité fizik ante elèv yo entèdi.
3. Depi rekreyasyon an fini, etidyan yo ap dirije yo tou swit nan sal la, yap tan profesè a nan lin deyò sal la e respekte mak ki atè a avèk distans fizik epi antre lòske profesè a otorize li, lave men nou avèk akòl jèl ki nan dispansatè ki egziste nan aksè chak sal klas yo.

### **Woutin pou itilizasyon twalèt yo.**

1. Chak sal twalèt etidyan yo pa genyen kantite maksimòm ki endike moun ki ka andedan an, nonplis nan kote yo lave men yo, ki ka itilize pou eseye kenbe distans fizik anndan an, pou evite kontajye.
2. Pandan rekreyasyon yo, enspeksyon jeneral la, ap dispoze yon fonksyonè devan chak twalèt etidyan yo, pou sipèvize ke yo akonpli avèk mezi yo.
3. Pandan klas la, profesè a sèlman ki ka otorize yon etidyan soti al nan twalèt de fason endividyièl.
4. Nan chak sal klas dwe genyen:
  - a. Yon dispansatè savon likid ansanm ak yon lavabo.
  - b. Yon woulo paye sèch pou seche men.
  - c. Ansanm ak lavabo a yon poubèl avèk kouvèti ki manevwe pa mwayen yon pedal pou papye sèch.
  - d. Nan chak kabin, akote twalèt la dwe genyen yon poubèl.

### **Lòt mezi sanitè**

1. Pou manipilasyon yon kachnen, nou dwe fèl konsa:
  - a. Toujou pwan li nan manch yo, pa janm nan devan.
  - b. Kachnen an dwe kouwwi bouch ak nen.
  - c. Lèw jete yon kachnen, ou dwe pliye li epi woule li nan papye epi jete nan bwat sanitè ki dezinye pou objektif saa epi pa janm jete li atè oswa kitel yon lòt koté.

Liceo de Adultos

**FRANCISCO TELLO G.**

## II-. PWOTOKÒL AKSYON NAN KA SISPÈK OSWA KONFIMASYON KA KONTAJYE COVID-19 LA

1. Si yon fonksyonè twouve li prezan nan etablisman an sinyale ke li genyen omwen 3 sentòm covid-19(fyèv plis pase 37,5°, tous ak difikilte pou respire) san li pa reyalize egzamen PCR oswa li te genyen kontak etwat avèk yon moun ki pozitif nan Covid-19 , li dwe akonpli etap sa yo:
  - a. Izole fonksyonè a imedyat nan yon sal ki prepare pou sa ak tout mezi ijjèn nesesè yo.
  - b. Fonksyonè anchaje sal izòlman an e ki genyen kontak avèk moun ki izole a dwe genyen kachnen, protektè vizaj, tabliye jetab ak gan.
  - c. Avize departman edikasyon ak prevansyon Riks CORMUN sou prezans yon posib kontajye epi aktive protokòl aksyon an.
  - d. Responsab sal izòlman an ap ranpli yon fòmilè avèk enfomasyon kew remèt pou ka fè yon lis kontak.
  - e. Apre evalyasyon kontak etwat travay yo, nap avize Mutual Seguridad.
  - f. Fonksyonè ki izole a dwe prezante li nan Mutual.
  - g. Yon fwa fonksyonè a soti nap dezenfekte sal izòlman an tou swit.
2. Si yon etidyan prezan nan etablisman an oswa absan nan jou saa, men li te prezan nan jou pase yo, sinyale ke li genyen omwen 3 sentòm Covid19(fyèv ki pi wo ke 37,5°, tous ak difikilte pou respire) san li pat fè egzamen PCR oswa li te genyen kontak etwat avèk yon moun ki pozitif Covid19, li dwe akonpli ak etap sa yo:
  - a. Izole etidyan an imedyatman nan sal ki prepare pou sa epi avèk tout mezi ijjèn nesesè yo.

- b. Fonksyonè ki responsab sal izòlman an epi ki genyen kontak avèk moun ki izole a dwe genyen kachnen, protektè vizaj, tabliye jetab ak gan.
  - c. Avize departman edikasyon ak prevansyon Risk CORMUN nan sou prezans yon posib kontajye epi yap kontwole pwotokòl aksyon an.
  - d. Nap avize paran oswa fanmiy li jan sa apwopriye, pou li prezante nan etablisman an pou vini chache etidyan an epi mennen li nan sant sante.
  - e. Yon fwa etidyan an soti, nap dezenfekte sal izòlman an touswit.
- 3.** Si 3 fonksyonè oswa etidyan konfime ka Covid 19, yo te konn vini nan etablisman an, yap kontinye ak dispozisyon ki nan pwotokòl MINSAL la nan anèks 3 ki sinyale konsa:
- a. Si yon etidyan konfime ka Covid 19 la ki tap asiste nan etablisman edikasyon an, yap sispann kou nan klas la konplè, yap rete nan karantèn pou 7 jou.
  - b. Si genyen 2 oswa 3 etidyan ki konfime pozitif pou Covid 19, yo te konn vini nan etablisman an, li dwe idantifye ak kiyès li te an kontak, yo ka mande sispanson klas la, nivo, sik etablisman an, yap rete nan yon karantèn pou 7 jou.
  - c. Si yon fonksyonè etablisman an konfime pou Covid 19, li dwe idantifye ak kiyès li te an kontak, yap mande sispanson klas la, nivo, sik etablisman an, yap rete nan yon karantèn pou 14 jou.
  - d. Nenpòt modifikasyon ap detèmine pa otorite respektif yo.


### III-. MANJE NAN ETABLISMAN AN

- 1.** Benefis manje lekòl la ap remèt an pèsòn, nap enfòme nou pwosedi yo, sa ap fè pa etablisman an.
- 2.** Kazino etidyan Lise Francisco Tello yo pa genyen kantite maksimòm etidyan yo. Ap genyen yon pèsonèl ki la pou sipèvize ke etidyan yo akonpli avèk mezi viv ansanm, ijyèn ak prevansyon, ki sinyale nan protokòl saa.
- 3.** Etidyan ki pa genyen benefis manje lekòl la epi ki pote manje, kapab manje li nan dezyèm lakou etablisman an kote yo fè yon zòn pou sa.

4. Sifas tab ki vid yo dwe netwaye avèk yon twal ki genyen klowòks dilye nan dlo oswa alkòl 70% anvan yo itilizel a nouvo.
5. Depi yo fin bay manje a, kazino a ap netwaye e dezenfekte konplètman(sifas tab, chèz, sòl la, pòt yo, poubèl) epi jete fatra yo.
6. Nenpòt modifikasyon ki soti de otorite respektif yo ap enfòme a lè, an pèsòn, e atravè paj entènèt ak/oswa rezo sosyal yo.

#### IV-. ÒGANIZASYON JOUNEN AN

1. Nan 3 jounen(maten, apremidi ak lannwit):
  - a. Rejim etid la se semès.
  - b. Yap respekte plan etid la nèt, dapwè priyorite kourikouloum nan, eksepte enstriksyon ak/oswa sijesyon MINEDUC oswa CORMUN bay.
  - c. Orè klas pou jounen klas fasafas yo ap konsa:



Liceo de Adultos  
**FRANCISCO TELLO G.**

**JOUNEN MATEN**

LÈ YO	LENDI	MADI	MÈKREDI	JEDI	VANDREDI
BLOQUE 1 8:15 A 9:45	1° A, B, C 2° A,B,C,D,E,F				
Recreo 09:45 a 09:55					
BLOQUE 2 9:55 a 11:25					
Recreo 11:25 A 11:30					
BLOQUE 3 11:30 A 13:00					

**JOUNEN APREMIDI**

LE YO	LENDI	MADI	MEKREDI	JEDI	VANDREDI
BLOQUE 1 13:45 A 15:15	1° D,E; 2° G,H;3°A				
Recreo 15:15 a 15:20					
BLOQUE 2 15:20 a 16:45					
Recreo 16:45 A 16:30					
BLOQUE 3 16:55 A 18:30					

**JOUNEN LANNWIT**

LE YO	LENDI	MADI	MEKREDI	JEDI	VANDREDI
BLOQUE1 18:45 a 20:15	3° B; 1° F,G; 2° I,J,K				
RECREO 20:15 a 20:30					
BLOQUE 2 20:30 a 22:00					
BLOQUE 3 22:00 a 23:15					

2. Orè saa kapab modifye pandan ane a selon bezwen fonksyonè etablisman an ak sijesyon MINSAL, MINEDUC ak CORMUN.
3. Nan premye klas la, profesè a ap anonsé tout règ ki ap reji klas yo nan sistèm entènèt la, tout moun ap konnen yo. Pandan klas kí vin apre yo, profesè a dwe raple sèlman ke klas yo etabli dapwè manyèl viv ansanm lekol la ak règ yo endike nan premye klas la.
4. Nenpòt sitiayson viv ansanm ki pa dekri nan protokòl saa ap rezoud pa enspeksyon jeneral la ak akò ENCOES.

## VI-. ENDIKSYON POU PWOFESÈ AK ASISTAN EDIKASYON

1. Anvan komansman klas fasafas yo, ekip profesè ak asistan edikasyon yo ap resevwa yon fòmasyon konsènan protokòl Covid 19 la ak mezi prevansyon enkli, kap dikte pa MINSAL, MINEDUC nan plan “Ouvri Lekòl yo”: Etap pa etap” ak depatman prevansyon CORMUN. Enspeksyon jeneral ap bay enstriksyon saa ki tou ranpli devwa “responsab Covid” la . Tout livwezon, enfomasyon ak/oswa chita pale yo ap pwouve pa foto, dosye prezans elatriye.


## VII-. KOMINIKASYON NAN KOMINOTE EDIKATIF LA

1. Anvan klas fasafas yo komanse, direksyon etablisman an dwe remèt tout enfomasyon ki enpotan yo konsènan fonksyònman etablisman an, mezi prevansyon ak protokòl nesesè yo. Enfomasyon sa yo dwe al jwenn tout etidyan ak/oswa paran, atravè imel epi mete li sou paj entènèt etablisman an.
2. Difizyon protokòl la ap fèt pa mwayen difizyon fasafas ak/oswa atravè paj entènèt etablisman edikasyonèl la ak kanal ofisyèl yo.
3. Tout sijesyon Minsal bay, MINEDUC oswa CORMUN ap antre nan protokòl saa epi difize li jan sa sinyale nan atik pase a.
4. Siveyans ak evalyasyon akonplisman protokòl la ap fèt pa komite sekirite lekòl la ak/oswa komite ikyèn ak sekirite, yo menm ki pwal reyini yo sou fòm jounal.

## VIII-. LÒT MEZI OSWA AKSYON

### Atansyon paran yo ak/oswa moun andeyò etablisman an


1. Avèk objektif kote prezans paran ak fanmiy yo nan etablisman an ka mwens, atansyon an ap fèt pa mwayen telefòn etablisman an(72-2220853), gwoup Whatsapp profesè chèf yo oswa imel elektwonik.
2. Si, malgre sa ki mansyone anvan yo, kèk paran, fanmiy ak/oswa moun andeyò etablisman an vle fè yon prosesis fasafas nan etablisman an, pou li antre li dwe akonpli obligatwaman avèk aksyon ki sinyale pi devan an e sil pa akonpli yo, yo pap kitel antre.
  - a. Pwan tanperati kò a. Si li  $37,5^{\circ}$  oswa plis, yo pap kite li antre.
  - b. Netwaye anba soulye ya nan beny sanitè a.
  - c. Netwaye menw ak alkòl jèl.
  - d. Remèt done kontak li mandew oswa responsab nan resepsyon an.
  - e. Kenbe zòn antant lan respekte distans sosyal fizik ant lòt moun nan mak ki atè a.
3. Demand "Sètifica Elèv regilye"yo ap fèt nan fason fasafas oswa pa imel elektronik pandan nap akonpli etap sa yo:
  - a. Mande profesè chèf la poul fè demand sètifica a pou ou, ou dwe ajoute done kotew pwal prezante l la ak imel ou pou yo voye dokiman an.
  - b. Profesè chèf la ap voye Whatsapp la bay enspekson jeneral.
  - c. Enspekson jeneral ap fè dokiman an, lap eskane li epi voye li sou imel paran oswa elèv la te bay la.



Liceo de Adultos  
**FRANCISCO TELLO G.**

### Protokòl pou moun ki pa respekte règleman sanitè yo

1. Akoz enpotans protokòl sanitè a nan sante moun yo, lèw pa akonpli li, sa mete yon risk fizik nan kominate lise a, yo oblige tout moun pou yo akonpli avèk règleman protokòl sanitè a etabli.
2. Si yon moun neglige akonplisman règleman protokòl sanitè a etabli yo, nap ekspose pwoesis saa:
  - a. Si se yon elèv ki refize konfòmite saa, nap avize paran oswa fanmiy ki konsène a imedyatman pou li vini nan etablisman pou pwan elèv la, si se yon elèv adilt ki fè ofans la, yap mandew pouw kite etablisman an epi wap kapab retounen nan klas fasafas sèlman siw siyen yon angajman pouw respekte protokòl sa a.
  - b. Si se yon paran oswa yon moun andeyò etablisman an ki neglige akonpli avèk protokòl saa, yap entèdi li antre oswa yap egzije li soti imedyatman nan etablisman an.
  - c. Si se yon fonksyonè ki ka akonpli avèk protokòl saa, yap avize otorite yo imedyatman, piske li fè yon "fot grav" lap sanksyone pa règleman aktyèl entèn CORMUN nan.



Liceo de Adultos  
**FRANCISCO TELLO G.**

## Anèks

- 1.- Ka alèt Covid
- 2.-protokòl epidemyoloji ak maladi de baz.



CASOS DE ALERTA  
COVID.docx



Protocolo  
Epidemiologico y En

Arreglar formato, logos y Agregar estos protocolos por favor.

 N° VERSIÓN:01	SISTÈM JESYON SEKITE AK SANTE NAN TRAVAY DEPATMAN PREVANSYON RISK	Dat: 28-02-2022 DPR: P-014-22
	PROTOKÒL VIJILANS EPIDEMYOLOJIK NAN ETABLISMAN EDIKASYON YO	Paj 1 de 13

# PROTOKÒL VIJILANS EPIDEMYOLOJIK AK MEZI PROTEKSYON POU ETIDYAN AVÈK MALADI DE BAZ NAN ETABLISMAN EDIKASYON YO

Reyalize pa	Revize pa	Apwouye pa
Ekip Sante-prevansyon risk	Alexandra Gutiérrez Albornoz  Direktris Edikasyon	Eduardo Peñaloza Acevedo  Sekretè Jeneral

 <b>N° VERSIÓN:01</b>	<b>SISTEMA DE GESTIÓN DE LA SEGURIDAD Y SALUD EN EL TRABAJO</b> <b>DEPARTAMENTO PREVENCIÓN DE RIESGOS</b> <b>PROTOCOLO DE VIGILANCIA EPIDEMIOLÓGICA EN ESTABLECIMIENTOS EDUCACIONALES</b>	<b>Fecha: 21-02-2022</b> <b>DPR: P-014-21</b>
<b>Página 2 de 13</b>		

## 1. OBJETIF

Defini endikasyon yo nan prevansyon ak sekirite sante, siveyans epidemiologik ak mezi pwoteksyon pou elèv ki gen maladi kache nan etablisman edikasyon an. Endikasyon sa yo prepare apati de sa MINSAL AK MINEDUC endike.

## 2. ATENN

Enstriksyon saa dwe aplike pou tout kominote lekòl la.

## 3. RESPONSABILITE

### Cormun

- Etabli règ yo pou konfòmite ak direktiv ki etabli nan protokòl saa.
- Garanti resous nesesè pou egzekite chak sa ki endike yo.
- Chak etablisman dwe defini yon responsab pou akonplisman prosesis la.

## 4. SENTOM

Selon Minsal, sentom yo se:

- a) Fyèv, saa se, prezantasyon yon tanperati kòporèl **37,8 °C** oswa plis.
- b) Tous.
- c) Disneya oswa difikilte pou respire.
- d) Konjesyon nazal
- e) Takipneya oswa ogmantasyon fwekans respiratwa.
- f) Odinofajia oswa doulè gòj lèw ap manje oswa vale likid.
- g) Myaljia oswa doulè miskilè.
- h) Feblès jeneral oubyen fatig.
- i) Doulè toraks.
- j) Frison.
- k) Sefalea oswa tèt fèmal
- l) Dyare.

 N° VERSIÓN:01	SISTEMA DE GESTIÓN DE LA SEGURIDAD Y SALUD EN EL TRABAJO DEPARTAMENTO PREVENCIÓN DE RIESGOS	Fecha: 21-02-2022 DPR: P-014-21
	PROTOCOLO DE VIGILANCIA EPIDEMIOLÓGICA EN ESTABLECIMIENTOS EDUCACIONALES	Página 3 de 13

- m) Anoreksi oswa kè plen oswa vomisman.
- n) **Pèt toudenkou nan sant oswa anoresmi.**
- o) **Pèt toudenkou nan gou oswa ajeousi.**

Sentom kadinal yo ap konsidere kòm sa yo mansyone nan lèt a., n. ak o. Lòt yo konsidere kòm sentom ki pa kadinal.

## 5. DEFINISYON KA SELON RÈGLEMAN KI AN VIGÈ

### 5.1. Ka sispèk:

- a. Moun ki prezante yon kadran egi avèk omwen yon sentom kadinal oswa omwen 2 ka sentom ki rete yo(li konsidere kòm yon sentom, yon siy nouvo pou moun nan epi ki pèsiste pou plis pase 24 èdtan).
- b. Moun ki gen yon enfeksyon egi respiratwa grav ki mande entène lopital.

**Mezi ak kondwit:** Fè yon tès PCR oswa tès deteksyon antijèn nan yon sant sante ki kalifye.

### 5.2. Ka konfime

- a. Moun ki genyen yon tès PCR pozitif pou SARS-COV-2.
- b. Moun ki prezante yon tès deteksyon antijèn positif pou SARS-CoV-2, reyalize nan yon sant ki kalifye pa otorite sanitè oswa antite ki delege pou fè tès saa.

Si yon moun pozitif atravè yon tès antijèn domestik(se pa antikò) ki fèt andeyò rezo laboratwa ki akredite pa SEREMI sante, li dwe kontinye menm kondwit yo ki se rete nan karantèn. Li rekomande pou fè yon tès PCR nan yon sant sante ki kalifye.

 N° VERSIÓN:01	SISTEMA DE GESTIÓN DE LA SEGURIDAD Y SALUD EN EL TRABAJO DEPARTAMENTO PREVENCIÓN DE RIESGOS	Fecha: 21-02-2022 DPR: P-014-21
	PROTOCOLO DE VIGILANCIA EPIDEMIOLÓGICA EN ESTABLECIMIENTOS EDUCACIONALES	Página 3 de 13

**Mezi ak kondwit:**

Bay avi sou kondisyon ou ak tout moun ki akonpli avèk definisyon moun ki alète pou Covid-19 la.

Rete nan izòlman pou 7 jou depi kòmansman sentom yo. Ka ki san sentom yo ap fini izòlman yo 7 jou aprè yo fin pwan echantyon yo. Nan ka moun avèk iminitè, izòlman an fini lòske li pase omwen 3 jou san lafyèv ki asosye ak amelyorasyon klinik sentom yo, epi 21 jou pase depi aparisyon sentom yo oswa pwan echantyon yo.

### 5.3. Moun ki sou alèt Covid

Moun ki pase nwit oswa ki te genyen mwens ke yon mèt distans, san kachnen, san itilizasyon korèk kachnen, ki soti nan yon ka pwobab oswa sentom konfime depi 2 jou anvan e jiska 7 jou aprè komansman sentom ka a oubyen fè tès la.

**Mezi ak kondwit:**

Fè yon tès PCR oubyen tès deteksyon antijèn nan yon sant sante ki kalifye pa otorite sanitè nan 2 premye jou apwè kontak avèk moun ki konfime a. Si moun nan prezante sentom, li dwe fèl imedya. Anplis, li dwe atann ak aparisyon sentom yo jiska 10 jou soti nan dènye kontak avèk moun ki konfime pozitif la.

Kòm mezi swen pèsonèl, ou dwe evite aktivite sosyal ki genyen anpil moun ak san vantilasyon.

 <b>Rancia Gua</b> + cerca de ti N° VERSIÓN:01	<b>SISTEMA DE GESTIÓN DE LA SEGURIDAD Y SALUD EN EL TRABAJO</b> <b>DEPARTAMENTO PREVENCIÓN DE RIESGOS</b>  <b>PROTOCOLO DE VIGILANCIA EPIDEMIOLÓGICA EN ESTABLECIMIENTOS EDUCACIONALES</b>	Fecha: 21-02-2022 DPR: P-014-21
		Página 3 de 13

#### 5.4. Kontak etwat

Moun yo konsidere kòm kontak etwat ap defini sèlman pa otorite sanitè a nan ka konfirmasyon yon epidemi. Sa konresponn ak otorite sanitè yo ki pwal detèmine si yo okonpli pou genyen kontak etwat. Sa pa konsidere kòm kontak etwat ak yon moun pandan yon peryòd 60 jou apwè li fin konfime pou yon ka.

#### 5.5. Epidemi

Nan konteks etablisman edikasyon yo, nou konsidere yon epidemi si nan yon etablisman genyen 3 oubyen plis ka konfime oubyen probab nan oubyen plis klas nan yon peryòd ki se 14 jou.

### 6. MEZI PREVANTIV KI AN VIGÈ

- Vantilasyon nan sal klas yo tout tan ak espas komen yo, sa vle di, dwe genyen yon fenèt ouvè omwen, oubyen yon pòt toujou ouvwi. Nan espas sa yo kote ki posib, li rekomande pou kenbe vantilasyon kwaze pou ka jere kouran lè (pa egzanp; kite pòt ak fenèt yo ouvri ansanm). Si kondisyon klimatik yo pèmèt, li rekomande pou kite tout fenèt ouvwi.
- Ogmante woutin lave men avèk savon an oswa itilizasyon alkòl jèl chak 2 a 3 èdtan pou tout moun nan kominote edikativ la.
- Elimine salitasyon avèk kontak fizik.
- Li rekomande pou paran yo rete an alèt devan prezans sentom yo chak jou. Lè li prezante kèk sentom Covid-19, li dwe kouri nan yon sant asistansyèl epi pa vini nan etablisman an jiskaske yon medsen evalyew.
- Kominikasyon efikas epi klè nan kominote lekòl la, enfòme sou pwotokòl ak mezi yo aplike yo.

 N° VERSIÓN:01	<b>SISTEMA DE GESTIÓN DE LA SEGURIDAD Y SALUD EN EL TRABAJO</b> <b>DEPARTAMENTO PREVENCIÓN DE RIESGOS</b> <b>PROTOCOLO DE VIGILANCIA EPIDEMIOLÓGICA EN ESTABLECIMIENTOS EDUCACIONALES</b>	Fecha: 21-02-2022 DPR: P-014-21
		Página 3 de 13

- Swiv pwotokòl transpò lekòl la, ki genyen ladani lis pasajè yo, vantilasyon konstan ak entèdiksyon sou konsomasyon manje.
- Fè aktivite fizik nan kote ki genyen van, de preferans deyò.
- Itilizasyon kachnen obligatwa.

## 7. PLAN ESTRATEJIK

**Pwotokòl siveyans yo pwal aktive lè gen omwen yon ka konfime oubyen pwobab pou COVID-19 nan** yon etablisman epi avètisman ke ministè sante a fè bonè pwal pèmèt yon kou ak 3 oswa plis elèv oswa probab yo envestige, menmjan an tou yon etablisman ki genyen 3 oswa plis klas avèk 3 oubyen plis obyen probab ka konfime nan peryòd de 14 jou( epidemi, pou rezon siveyans nan etablisman an).

1. **Etabli yon siveyans epidemiologik** Ka Covid-19 nan etablisman edikasyonèl yo enkli tout kominate lekòl la, konsidere profesè yo tou, pèsonèl ak paran oubyen fanmiy ki viv ansanm, abitye ak kontwòl la, dwe genyen rejis ak/oubyen enfomasyon sentomatoloji( avi paran yo, rejis antre, selon enstriktif 2011 lan).

### 2. Jesyon ka Covid-19

Chak etablisman dwe reyalize pwosesis yo.

- Depatman prevasyon Risk: 722355056 – 722355061
- Paulina Olguín Cabaña (Referans Epidemioloji Seremi de Salud)  
Cel. +56953505661  
Imel: paulina.olguin@redsalud.gob.cl

Mezi prevansyon ak kontwol, dapwe pwotokol 2022 MINEDUC la.

Estado	Descripción	Medidas
A	1 caso de estudiante o párvidos confirmado o probable en un mismo curso/ grupo	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Aislamiento del caso</li> <li>- Cuarentena* a partir de la fecha del último contacto de compañeros que se sienten a menos de 1 metro de distancia**, en el caso de los párvidos, en su grupo inmediato de trabajo.</li> <li>- Resto del curso/grupo son considerados personas en alerta de COVID-19 y pueden continuar con clases presenciales.</li> <li>- Reforzar medidas de ventilación, evitar aglomeraciones y lavado frecuente de manos en el EE.</li> </ul>
B	2 casos de estudiantes o párvidos confirmados o probables en el curso	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Aislamiento de los casos</li> <li>- Cuarentena a partir de la fecha del último contacto de compañeros que se sienten a menos de 1 metro de distancia**, en el caso de los párvidos, en su grupo inmediato de trabajo.</li> <li>- Resto del curso son personas en alerta de COVID-19 y pueden continuar con clases presenciales.</li> <li>- Reforzar medidas de ventilación, evitar aglomeraciones y lavado frecuente de manos en el EE.</li> </ul>
C	3 casos de estudiantes o párvidos confirmados o probables en un mismo curso en un lapso de 14 días	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Aislamiento del caso</li> <li>- Cuarentena a partir de la fecha del último contacto de todo el curso, por lo que se suspenden las clases presenciales para ese curso.***</li> <li>- Dirección del EE debe avisar a la SEREMI de Salud de esta situación.</li> <li>- Reforzar medidas de ventilación, evitar aglomeraciones y lavado frecuente de manos en el EE.</li> </ul>
Alerta de BROTE	3 o más cursos en estado C durante los últimos 14 días	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Mismas medidas que en Fase C para cada curso/grupo</li> <li>- La dirección del EE en coordinación con SEREMI de Educación debe avisar a la SEREMI de Salud de esta situación.</li> <li>- La SEREMI de Salud realizará investigación epidemiológica y establecerá medidas entre las cuales está determinar cuarentenas* de personas, cursos, niveles, ciclos o del EE completo.</li> </ul>

Fuente: Mineduc

\*7 días desde la aparición de síntomas o la toma de muestra

\*\*Distancia de 1 metro lineal, medido desde la cabeza de cada estudiante en todas las direcciones.

\*\*\*Si, mientras el curso cumple la cuarentena, aparecen estudiantes o párvidos que estando en sus hogares inician síntomas o tienen resultados positivos a COVID-19, deberán evaluarse con un médico y cumplir indicaciones o el aislamiento según normativa vigente. Estos casos que fueron detectados en esta fase, no afectan el periodo de cuarentena establecido al resto del curso. Los docentes que hayan hecho clases en estos cursos no deben sumarse a la cuarentena, a menos que trabajen con el mismo curso durante toda o gran parte de la jornada laboral (especialmente en cursos pre-escolares o básica).

 N° VERSIÓN:01	SISTEMA DE GESTIÓN DE LA SEGURIDAD Y SALUD EN EL TRABAJO DEPARTAMENTO PREVENCIÓN DE RIESGOS	Fecha: 21-02-2022 DPR: P-014-21
	PROTOCOLO DE VIGILANCIA EPIDEMIOLÓGICA EN ESTABLECIMIENTOS EDUCACIONALES	Página 3 de 13

### 3. Tès trasabilite ak karantèn(TTA).

Kòm yon ekip ansanm edikasyon-sante, yo etabli 2 estrateji de baz ak sipò:

- Kòm yon premye etap, yap fè tès pou moun ki pa genyen sentom ak ka espesifik kòm alèt Covid, avèk sipò sant sante fanmiy Cesfam 5(gade anèks 1 ak 2, dokiman pou aplikasyon)(pou fonksyonè etablisman yo).
- Atravè 2 ekip itineran sante ak edikasyon, yap fè tès avèk antijèn nan kominate edikativ yo, ki nesesè selon objektiv ekip Cormun, avèk objektif pou diminye problèm emosyonel ak ogmantasyon kontajye yo.(enkli tout kominate edikativ la).

### 4. Rechech ka aktif (BAC) ki soti nan Seremi sante oswa OAL dapwe endikasyon pwotokol siveyans epidemiologik la(endikasyon eksklizif seremi sante).

## 8. MEZI PROTEKSYON POU ETIDYAN KI GENYEN MALADI DE BAZ YO

Edikasyon se yon dwa esansyèl, pou sa, zòn sante ak edikasyon travay an ekip pou sipòte prezans timoun yo nan etablisman nan komin nan.

Pwosesis edikasyon an pa sèlman enpòtan pou aksè kontni fòmèl yo, sinon pou sosyalize ak kamarad, se enpòtan pou ka reyalize yon vi an sante.

Estrateji yo fèt pou sipòte nan fason fasafas nan etablisman edikasyon yo, ki konsidere sante konplè ak sante kominate a, selon chak sitiayson.

 EDUCACIÓN <b>Rancia Gua</b> <i>+ cerca de ti</i> N° VERSIÓN:01	<b>SISTEMA DE GESTIÓN DE LA SEGURIDAD Y SALUD EN EL TRABAJO</b> <b>DEPARTAMENTO PREVENCIÓN DE RIESGOS</b>  <b>PROTOCOLO DE VIGILANCIA EPIDEMIOLÓGICA EN ESTABLECIMIENTOS EDUCACIONALES</b>	Fecha: 21-02-2022 DPR: P-014-21
		Página 3 de 13

## MEZI YO ADOPTE POU SWEN AK SIPÒ SE:

- 1. Ranpli program vaksinasyon an:** A travè ekip ki soti nan zòn sante a, yap fè yon pwosesis vaksinasyon nan chak lekòl pou sipòte paran yo pou vaksinen tout ti fi ak tout ti gason, sitou sila yo ki poko resevwa premye dòz yo. Jis rive nan fen, nap kontinye sipòte paran yo pou konplete vaksinasyon an. Pwosesis vaksinasyon an ap prolonge pou tout fonksyonè etablisman an ki anndan kalandriye MINSAL etabli a.
- 2. Bay swen bazik nan Cesfam N°1 y N°4(selon kote etablisman an ye) nan ka nenpòt konpleksite etidyan an ka prezante, anplis, dispozisyon anbilans pou transpò soti nan etablisman yo pou ale nan Cesfam kotew endike a ak/oubyen lakay ou.**
- 3. Garanti preferans nan antre a, ak nan kontwòl aksè, pou evitew pwan tan nan antre etablisman an.**
- 4. Elimine beny pye ki rann aksè inivèsèl la difisil la oubyen chanje li pou sistèm dezenfekte avèk alkòl jèl 70% avèk yon awozwa.**
- 5. Jere garanti aksè inivèsèl la nan tout etablisman yo.**
- 6. Sipòte timoun ki paka sèvi ak kachnen akòz endikasyon medikal, mete yo tou pwe pòt la, pou yon bon vantilasyon. Si klima pa pèmèt yo, lap konplete avèk pirifikatè lè.**
- 7. Amelyore distans ant elèv yo, pou timoun ki pa itilize kachnen pou preskripsyon medikal.**
- 8. Sipòte ekip asistan edikasyon an nan dezenfeksyon chèz woulant ak lòt aparèy pou mobilite asistans.**
- 9. Garanti tan rekiperasyon pandan jounen an, pa retire kachnen epi pwan lè nan espas ouvè yo pou ka desann anksyete nan klas yo, jan sa nesesè nan chak dyagnostik sou preskripsyon medikal.**
- 10. Bay etablisman yo kachnen avèk vizyè pou fonksyonè yo ak/oswa elèv yo ki prezante difikilte pou tandem ak bezwen lèkti lèv pou amelyore komunikasyon an.**

 Nº VERSIÓN:01	SISTEMA DE GESTIÓN DE LA SEGURIDAD Y SALUD EN EL TRABAJO DEPARTAMENTO PREVENCIÓN DE RIESGOS	Fecha: 21-02-2022 DPR: P-014-21
	PROTOCOLO DE VIGILANCIA EPIDEMIOLÓGICA EN ESTABLECIMIENTOS EDUCACIONALES	Página 3 de 13

11. Jere epi ankouraje nan sipò etidyan ki nan PIE, selon chak dyagnostik.

12. Fonksyonè yo dwe itilize kachnen ansanm avèk maks figi pou travay avèk elèv ki pa itilize kachnen yo.

13. Identifiez les groupes et termes utilisés pour décrire les personnes dans le document, s'il y a lieu.

14. Mezi de baz ajiste ak bezwen elèv yo tankou:

- a. Lave men, nan espas preferans yo epi ranpli kondisyon yo mande pou elèv yo.
  - b. Aksè alkòl jèl oswa alkòl 70% pou dezenfekte men yo.
  - c. Aksè ak kachnen korèk pou bezwen yo.

15. Enfomasyon Covid aksesib pou tout etidyan ak paran (kreyòl, vidéyo enfòmativ avèk soutit, avèk lang siy, e lòt resous pou sipòte komunikasyon an).

16. Nan ka sa yo kote prezans lan kontredi, etablisman yo ap pwan mezi nesesè pou pemet aksè nan edikasyon an.

 N° VERSIÓN:01	<b>SISTEMA DE GESTIÓN DE LA SEGURIDAD Y SALUD EN EL TRABAJO</b> <b>DEPARTAMENTO PREVENCIÓN DE RIESGOS</b> <b>PROTOCOLO DE VIGILANCIA EPIDEMIOLÓGICA EN ESTABLECIMIENTOS EDUCACIONALES</b>	Fecha: 21-02-2022 DPR: P-014-21
		Página 3 de 13

## 9. KA POZITIF PROFESÈ YO

Si yon profesè se ka konfime, li dwe akonpli avèk yon karantèn epi etidyan ki te nan klas la pase pou moun ki alète pou COVID-19 pou yo ka kontinye ak klas fasafas yo.(fè avi a jan endike nan pwen 7 la).

Si travayè a kòmanse prezante sentom pandan li nan etablisman an, li dwe kite etablisman an oswa rete nan karantèn nan yon espas ki fèt pou sa menm, pandan yap jere ka a deyò etablisman an.(fè yon tès jan sa endike nan pwen 7 la).

Travayè ki konfime COVID-19 la dwe avize kondisyon li ak moun ki ranpli kondisyon avèk definisyon moun ki nan alèt COVID-19 yo, sa enkli bay avi nan direksyon etablisman an pou yo ka avize paran yo oswa etidyan ki klasifye kòm moun ki alète pou COVID-19 selon règ ki an vigè a.

## 10. REFERANS

- Pwotokòl mezi sanitè ak vijilans epidemiologik pou etablisman edikasyonèl yo (fevriye 2022).
- Ord.B51 N°799
- Plan de gestión Omicron
- Protokòl Cormun

### Bibliyografi :

- [https://libraria.xunta.gal/sites/default/files/downloads/publicacion/protocolo\\_discapacidad\\_auditiva\\_castellano\\_para\\_li.pdf](https://libraria.xunta.gal/sites/default/files/downloads/publicacion/protocolo_discapacidad_auditiva_castellano_para_li.pdf)
- [Recomendaciones en colegio para pacientes con neuropatías \(sjdhospitalbarcelona.org\)](https://sjdhospitalbarcelona.org/)
- UNICEF: RESPUESTA COVID-19: Consideraciones para niñas, niños y adultos con discapacidades: <https://www.unicef.org/lac/media/11306/file>
- Reporte de Educación Inclusiva de Zero Project en español

**Sitio Web:** <https://volvamosaclases.mineduc.cl/>

## 11. ANEXOS

Anexo 1: Model atansyon tes pou fonksyone nan Cesfam N°5.

 	
Actividad	Operativo test de antígeno para funcionarios de educación de la Corporación municipal sintomáticos
Fecha	2, 3 y 4 de marzo del 2022
Lugar	Aislamiento Respiratorio CESFAM 5
Coordinadora	E.U Claudia Gonzalez Contreras
Horario	08:00 a 17:00 AM
Descripción	<p>Funcionarios sintomáticos (1 síntoma cardinal o 2 síntomas no cardinales) ISAPRE o FONASA acudirán a las dependencias del CESFAM 5 con identificación correspondiente que acredite pertenecer a un establecimiento de educación de la corporación municipal, se dirigirán a la zona de aislamiento respiratorio siendo recepcionados por Justine Fanor, quien entregará número de atención para esperar en zona de sala de espera Exterior, serán llamados por orden a Box de atención para ser atendidos por profesional de Enfermería (Claudia González y/o Teresa Ortega).</p> <p>Con resultado positivo se habilitará un cupo médico protegido para evaluación, realizar notificación Epivigila y Licencia médica del funcionario afectado según corresponda. Enfermera ingresará muestra a plataforma toma de muestras y generará certificado con resultado que será entregado a funcionario.</p> <p>Con resultado negativo funcionario volverá a sus funciones en establecimiento, en caso de necesitar evaluación médica se dirigirá a su centro de salud. Enfermera ingresará muestra a plataforma toma de muestras y generará certificado con resultado que será entregado a funcionario.</p> <p>Existirá planilla DRIVE donde se ingresará funcionarios a quienes se tome muestra y resultado.</p> <p>Traslado de funcionarios será realizado por corporación municipal.</p>

 N° VERSIÓN:01	<b>SISTEMA DE GESTIÓN DE LA SEGURIDAD Y SALUD EN EL TRABAJO</b> <b>DEPARTAMENTO PREVENCIÓN DE RIESGOS</b>  <b>PROTOCOLO DE VIGILANCIA EPIDEMIOLÓGICA EN ESTABLECIMIENTOS EDUCACIONALES</b>	Fecha: 21-02-2022 DPR: P-014-21
		Página 3 de 13

Anexo 2: Ficha a presentar por funcionario de EE en Cesfam N°5.

	<h2 style="text-align: center;"><b>FUNCIONARIO EDUCACION</b></h2> <p style="text-align: center;"><b>Documento para ser presentado en Cesfam N°5</b></p> <p><b>NOMBRE:</b>  <input type="text"/></p> <p><b>Run:</b>  <input type="text"/></p> <p><b>Función/cargo:</b>  <input type="text"/></p> <p><b>Establecimiento:</b>  <input type="text"/></p> <p><b>Fecha de informe:</b>  <input type="text"/></p> <p><b>Valida:</b>  <input type="text"/></p> <hr/> <p style="text-align: center;"><b>Nombre y Función</b></p>
---	---

[www.cormun.cl](http://www.cormun.cl)

